



Sipò nan enskripsyon pou ouvèti lekòl

Chè fanmi,

Ane lekòl 2024-2025 la prèske rive! Premye jou lekòl pou tout Lekòl leta Vil Nouyòk se **Jedi 5 septanm**. Si w bezwen sipò pou w enskri pitit ou a nan yon lekòl leta Vil Nouyòk, kontinye li pou w konnen ki kote w ka jwenn sipò pou retounen lekòl dapre klas pitit ou a pral fè nan otòn lan.

3-K ak Pre-K: Timoun ki fèt an 2020 (pre-K) ak timoun ki fèt an 2021 (3-K) elijib pou patisipe. Si pitit ou a pa gen yon òf, tanpri vin patisipe avèk nou nan lisdatant pwogram lan [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov). Ou ka triye lekòl ki ka gen plas disponib lè w itilize filtè "Bezwen yon plas pou ane lekòl 2024-25 la".

Kindergarten-5yèm ane: Timoun ki fèt an 2019 elijib pou ale nan kindergarten. Enskri dirèkteman nan lekòl ki nan sektè zòn (zoned school) pitit ou a abite a (si sa aplikab) apati 5 septanm. Ou ka mete adrès ou [la a](#) pou idantifye sektè zòn lekòl ou a. Si pitit ou a abite nan Distri 1, 7, oswa 23, li pa gen yon zoned school, tanpri pran yon randevou avèk yon [sant byenveni pou fanmi](#) (Family Welcome Center, FWC). Fanmi kapab tou mete non yo sou [lisdatant yo](#) pou eksplòre lòt opsyon kindergarten anplis.

Klas 6yèm-8yèm ane: Enskri dirèkteman nan zoned school ou (si aplikab) apati 5 septanm. Ou ka mete adrès ou [la a](#) pou idantifye zoned school ou a. Distri sa yo pa gen zoned school: 1, 3, 5, 7, 12, 13, 14, 15, 16 ak 23; tanpri pran yon randevou avèk yon [FWC](#) si w abite nan distri sa yo pou jwenn yon plas. Fanmi yo kapab tou mete non yo sou [lisdatant](#) pou eksplòre lòt opsyon klas 6yèm ane.

Klas 9yèm-12yèm ane: Pran yon randevou avèk [FWC](#) pou jwenn yon plas nan Lekòl segondè. Anplis, fanmi yo ka mete non yo sou [lisdatant](#) pou eksplòre plis opsyon pou klas 9yèm ane ak 10yèm ane.

Apati 12 out rive 13 septanm, anpil nan Sant byenveni pou Fanmi(FWC) nou yo pral ede fanmi yo nan lokal tanporè. **Ou ka pran yon randevou si w rele nan (718) 935-2828.** Tanpri ale sou [sitwèb](#) la pou plis enfòmasyon.

Aplikasyon pou enskripsyon Otòn 2025 yo ap ouvè pandan ane lekòl k ap vini an. Rete branche pou plis mizajou pandan n ap rapwoche pi pre nan chak peryòd aplikasyon. Pandan tan sa a, asire w mete non w pou resewva imèl sou pwosesis admisyon ki kòrèk la [la a](#). Pi ba a w ap jwenn adrès imèl ou ka kontakte pou jwenn sipò!

- Pou jwenn èd avèk admisyon nan lekòl segondè, tanpri voye yon imèl ba HSEnrollment@schools.nyc.gov
- Pou jwenn èd avèk admisyon nan lekòl presegondè, tanpri voye yon imèl nan MSEnrollment@schools.nyc.gov
- Pou jwenn èd avèk admisyon nan kindergarten, Gifted & Talented, Pre-K & 3-K, tanpri kontakte ESEnrollment@schools.nyc.gov

Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan (718) 935-2009. Nou kontan anpil pou ede w ane sa a pandan w ap aplike nan lekòl!

Bòn chans,
Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resewva imèl sou admisyon nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w pa vle resewva imèl ankò ki soti nan nenpòt oswa nan okenn lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w sou lis la.